Batèm Dlo



. . . e tout sa nou fè dwe baze sou Lekriti. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] " . . . legliz katolik," li te di sa, "ak senserite w?"

"Ebyen," mwen di, "mwen se yon katolik."

Li di: "Wi?"

2 "Ebyen," mwen di, "kounye a, dapre ansèyman legliz Katolik, ke 'Jezikri te tabli legliz Katolik, e apot yo te premye prèt Li yo, e Pyè te premye pap la.' Sa se dapre ansèyman legliz Katolik, e ke 'Bib sa te ekri osijè legliz Katolik primitif la, ebyen, e alò legliz Katolik gen pouvwa pou l chanje tout sa yo vle, paske yo se legliz la.'"

3 Epi m te di: "Depi nan premye jou yo, ke, nou tout te chanje l. Nou te ranplase plonje pa aspèsyon oswa vide dlo. Nou te ranplase Sentespri a pa sen kominyon an." Epi mwen di: "Mwen se jis youn nan katolik ansyen mòd ki rete ak Kwayans orijinèl la, ki te etabli a." Mwen di: "Bagay etranj lan se, ke Pyè, ki te premye pap la, li di: 'Pa gen okenn lòt medyatè ant Bondye ak lèzòm, ke Nonm sa a, Jezikri.' E jodi a nou tout gen Mari ak Sent Sesil, ak dè santèn de fanm ki te mouri, e latriye, kòm entèsesè. Gen yon bagay ki te rive ant premye pap la ak pap sa, ou wè, si sa pa chanje oswa modifye."

4 Mwen di, "Epi ankò, kisa w fè ak Sen Pòl, ki te gran sen Legliz katolik primitif la, ki te di: 'Si yon Zanj ki sot nan Syèl preche nenpòt lòt levanjil pase sa ki te deja preche a, se pou l modi'?" Epi m te di: "E pou Jezikri Ki te tabli Legliz katolik la, ki te di: 'Si yon moun retire nenpòt Pawòl nan Bib sa, oswa ajoute nenpòt bagay sou Li, y ap retire menm bagay la, pati pa l la, nan Liv Lavi a'?"

5 Se poutèt sa tout bagay ke nou fè, dapre opinyon mwen, antan ke kwayan Bib la, dwe baze sou Lèzekriti. Tout revelasyon, tout vizyon, tout bagay, dwe baze solanèlman sou Lekriti, paske Sa se fondasyon an ke nou repoze sou li kòm ENSI DI SEYÈ A.

6 Nan Lèzekriti, nou pa jwenn kote yo te janm aspèje oswa vide dlo, oswa konsakre timoun piti nan fason sa. Men nan Lekriti, nou jwenn ke yo te mennen ti bebe bay Jezi, pou L te ka beni yo. Epi Li te pran yo nan bra L epi Li di: "Kite timoun piti yo vin jwenn Mwen, epi pa entèdi yo, paske se konsa wayòm Syèl la ye." E Li te beni timoun piti yo. E se tout Ekriti ki ekri konsènan sa. Se fason sa a nou eseye kontinye. Kounye a si . . .

7 Tankou nan legliz Metodis la, ak legliz Nazareyen an, ak anpil lòt legliz ki genyen an . . . Mwen pa kwè ke legliz Nazareyen an fè l. Legliz Metodis fè sa, ak anpil nan lòt yo oswa pansè Evanjelik yo, ki batize timoun piti yo nan aspèje yo.

8 Bon, se kòrèk, nan nenpòt fòm ke w vle konsakre yo, men jis pou w wè ke nou pa mete dlo sou yo. Nou jis poze men sou yo, nan eseye swiv egzanp Seyè nou an. E se fason sa nou vle manman yo konprann sa, poukisa nou pa aspèje dlo sou yo, paske nou pa gen okenn Ekriti pou sa. Nou pa gen Ekriti pou aspèje dlo sou granmoun oswa sou timoun.

9 Kifè, timoun nan twò jenn pou l batize. E batèm se ekspresyon eksteryè ke yon zèv lagras te fèt pa anndan. E timoun lan pa ka eksprime sa, paske pa t gen okenn zèv lagras pa anndan, ou wè, paske se jis yon bebe.

Se paran yo ki mennen bebe a bay Bondye Ki te ba yo pitit la, pou remèt Li l nan konsekrasyon. Alò, se konsa nou itilize sa isi a.

10 Kounye a yo pral mennen kèk ti kanmarad pou konsekrasyon. Mwen pral mande sè a si l vle ban nou jis yon ti akò sou pyano a, pou *Mennen Yo*, mwen kwè, Sè Gertie oswa nenpòt jèn dam lan ki isi a.

E alò, jis anvan nou fè sa, ann fè yon mo priyè pou manman yo ak moun k ap mennen byenneme yo.

11 O Seyè, nou se yon pèp privilejye tout bon, pou viv nan yon peyi kote nou toujou gen yon libète pou adore, ke kote nou gen gouvènman an ki pwoteje nou epi ki ba nou eritaj sa a ke Bondye bay; ke nou pa oblije konfòme nou ak yon legliz leta oswa yon jan de diktatè, men nou ka vin jwenn Ou nan fason ke nou gen konviksyon nan kè nou. Nou priye ke sa va dire lontan, jouktan Jezi vini, si sa fèt nan fason ke Ou bay la.

12 E kounye a anpil nan moun yo ap mennen ti pitit yo, jou apre jou, e semèn apre semèn, antan Ou bay yo nan bra ak swen papa yo ak manman yo. Yo mennen yo, Seyè, ban nou, kòm ansyen isi a nan legliz la. E nou, nan lapriyè, nou ofri yo ba Ou. Mwen priye, Bondye, ke W va pran chak nan ti cheri sa yo, maten an, epi konsakre lavi yo ba Ou. Beni fwaye kote yo soti yo. Ke papa yo ak manman yo si tèlman konsakre a Ou menm, ke timoun yo va leve nan fwaye Kretyen, pou sèvi W tout jou nan lavi yo. Pirifye nou maten an, Seyè, pandan yo pote ti ayo inosan sa yo, ki se flè nan kè yo menm. Men yo vle yo gen Lavi Etènèl, e y ap mande W, O Bondye, pou pwoteje yo epi kenbe yo, epi gide yo jiskaske yo fin ase gran pou nou ka pale avèk yo epi konvenk yo pou aksepte Seyè Jezi epi resevwa Lavi Etènèl. Nou fè sa pou glwa Bondye, dapre Pawòl Li, nan Non Pitit Li a, Seyè Jezi. Amèn.

13 Kounye a pandan manman yo mennen, epi papa yo, mennen ti piti yo isi a pou konsekrasyon, sè a pral jwe. Jis mennen ti kanmarad yo epi kanpe dwat bò lotèl la isi a, bò kot ti piti sa yo ki te deja konsakre. Dakò.

14 Imedyatman apre sèvis sa a va gen sèvis batèm lan. E pandan y ap mennen yo, mwen ta ka anonse, asire nou ke nou mennen byenneme nou yo isit la kounye a, apremidi a a sizè, ant sizè ak

sizè edmi yo pral distribye kat pou lapriyè yo. E sèvis yo pral kòmanse, mwen kwè, a setè, a setè edmi.

15 Dakò, mesye. Jis pwoche tou pre ak ti piti yo, si w vle. Mwen wè manman k ap met aparèy foto yo deyò isi a. Nou konn kijan manman yo konsidere ti piti yo.

Konbyen ki renmen timoun piti? O la la! Mwen te konn abitye tande ti piti sa yo chante, *Jezi Renmen Timoun Piti Nan Mond lan*.

16 Èske w se Sè Grimsley? [Sè Grimsley di: "Wi. Wi, sa se ti pitit pitit mwen an."—Editè a.] Pitit pitit ou a. M pa konnen si Meda deja antre nan legliz la, oswa non. Nou te li nan yon jounal, kèk tan de sa, e li te rele m pou di m ke yon Sè Grimsley te mouri isi a nan vil la. E nou te sezi. Epi lè m te retounen lakay e m t al legliz dimanch sa, men ou te isi a chita nan legliz la. Epi m di: "Ebyen, li se fanm ki mouri ki pi vivan mwen te janm wè." Kifè sa dwe te yon lòt sè, Madam Grimsley. ["Se vre."] Wi, madam.

17 Kounye a mwen vle mande Frè Neville ak kèk nan ansyen yo si yo vle avanse nan moman sa, epi kanpe isi a pou konsekrasyon an. Si . . . Kèk nan nou frè nan ministè yo la a, antan ke ansyen, vin dwat devan an, Frè ak Frè.

18 Kounye a, nou chak manman ak papa, ak granparan, ap ofri Bondye ti bijou presye sa yo ke Bondye ba nou, pou konsekrasyon, nan konsakre yo bay Bondye ki te ban nou yo. Ke gras Li ak mizerikòd Li toujou avèk nou, se priyè m.

19 Èske Frè Collins tou pre? Oswa, frè, oswa . . . [Frè Neville di: "Mwen wè Frè Collins."—Editè a.] Kite l avanse si l vle, isi a pou sèvis sa, si . . . Li se youn nan pastè asosye nou yo isi a, nan legliz la, e nou ta renmen genyen l isi a pou lapriyè, avèk nou, si sa posib.

20 Kounye a, nou konnen, pafwa . . . Ti kanmarad sa yo, yo pa t janm pratike sa, alò yo jis orijinal. E pafwa yo fè wenwen epi kriye, men sa jis fè yo de bon ti bebe, pa vre? Kifè, nou pa remake sa. Kifè si y ap kriye oswa nenpòt bagay, sonje, sa pa deranje ditou. Mwen imajine kèk nan ti piti sa yo ke yo te mennen bay Seyè Jezi a, te on jan kriye on tikras, tou, nou konnen, paske se toujou konsa. Ti kanmarad yo, yo deranje yo lè y ap vire deplase yo, e kèk te chita isi a nan sal cho a, kifè, nou pa remake sa. Dakò.

Nou pral . . . Avanse.

21 E kòman li rele kounye a? [Sè Grimsley di: "Etienne Renee Bennett."—Editè a.] Tina Renee Bennett. Ti Tina Renee Bennett, grann lan mennen l pou konsekrasyon. Se sètènman yon ti bebe cheri.

Annou priye.

22 Seyè, yo mennen ti bebe cheri sa a nan men sèvitè W ke n ap priye pou li, konsakre l ba Ou. Bondye, beni timoun piti sa, e ke l viv epi adore W. Beni paran l yo ak granparan l yo. Epi, Seyè,

si gen yon demen, se pou li vin yon gran sèvitè pou Ou. Akòde l, Seyè, antan n ap prezante l ba Ou. Nan Non Jezi, resevwa l. Amèn. Seyè a beni w, sè.

Ti Cynthia Lee Cannard, yon lòt ti moso cheri . . . O la la, li se yon bèl ti fi. Èske li pa yon cheri? Annou priye.

23 Seyè, nou mennen ti bebe sa ba Ou, epi jan yo te pran l nan bra byenneme li yo epi mete l nan bra pa m pou yon konsekrasyon sen, epi pou l konsakre bay Bondye . . . Ti piti a twò jèn pou l konnen, men byenneme yo te mennen l. Kite l viv, Seyè, epi pou l djanm epi an sante tout lavi li. Beni paran l yo, granparan l yo, ak tout byenneme l yo. Ke, nan Laglwa, yo tout rasanble ansanm jou sa lè nou rankontre W. Kenbe l an sante epi kontan. Nou ba Ou li nan konsekrasyon atravè lapriyè, nan Non Jezikri. Amèn.

Seyè a beni nou.

24 Èske sa se pou ou? Ki gwo kanmarad sa? Carl Christian Stall, ti Carl Christian Stall. Se pitit pitit Frè McDowell nou an. Kifè li se yon bèl ti gason. Mwen priye ke si gen yon demen, li va yon predikatè Levanjil la. Annou bese tèt nou.

25 Seyè, kòm granpapa sa mete nan bra m ti boul lanmou sa, mwen priye W, Seyè Bondye, ke W va pran ti bebe sa a nan swen W, epi kite l viv, epi grandi, epi pou l djanm, epi an sante. Ke, si gen yon demen ki vini, ke li preche Levanjil la, ke noumenm k ap konsakre l maten an kwè ladan l. Ke ti vi li a beni anpil anpil. Beni paran l yo, granparan l yo, ak gran gran paran l yo. Nou priye ke benediksyon W yo repoze sou li. Paske kounye atravè lapriyè konsekrasyon, nou konsakre ti bebe sa a ba Ou, O Seyè, nan Non Jezikri, Pitit Ou a. Amèn.

26 Yon ti janti anpil . . . Ekskize, se ou menm manman an? Konpliman pou ou. Ala yon bèl . . . ? . . . Ki ti non li? Sheryl Ann Baldwin. Se ou menm manman an? Ebyen, se byen sa. Shirley, ou se yon bèl ti fi. Ti Shirley Ann Baldwin. Kounye a, li jis yon tikal timid, ou ka di sa. Mwen sipoze manman l te sa, tou, petèt nou tout. Mwen sipoze petèt . . . Mwen—mwen konnen ke se . . . Nou pral antann nou konsa . . . O, li se yon ti, ti fi debyen, mwen kwè. Li se yon bèl ti fi. Annou priye.

27 Seyè, nou mennen ti pitit sa ba Ou. Ti dwèt li nan bouch li, O Bondye, li pa menm gen okenn lide kisa peche a ye. E mwen priye, Bondye, ke Ou va beni ti lavi li epi rann li nòb epi pwospè. Beni jenn manman l isi a, papa l, granparan l yo, ak tout byenneme l yo. E pandan nou ba W li nan dedikas solanèl nan lapriyè, ke W kite l viv, epi grandi, epi pou l djanm, epi an sante, epi pou l yon egzanp nan jou jèn fanm li yo pou sèvi Seyè Jezi a. Akòde l, Seyè. Mwen kwè ke se ti piti konsa yo ke Ou te poze men W sou yo epi te beni. Nou mande sa pou glwa Bondye, pandan nou dedye l, epi konsakre li, nan Non Jezikri. Amèn.

Bon, mwen panse ou se yon ti fi janti, timid, men janti. Bondye beni w. Konpliman pou yon bèl ti bebe.

28 Kounye a, petèt sa fè lontan, mwen te ka pran yon ti fi konsa. Kijan w rele? [Sè a di: "Sharon Diane Bayle."—Editè a.] Mwen . . . Se paran ak lòt la? En-en. Bayle, se vrèman pwòch. Mwen vle nou tout wè ti fi sa, paske li se yon ti bagay trè agreyab. Mwen pral oblije leve l jis yon ti kras. Yon trè bèl ti fi . . . M ap panse se te ti bagay konsa yo ke Jezi te poze men L sou yo. Ala men nou pa diy. Men si n ap chache men ki diy, nou p ap jwenn li. Nou pa diy, men nou reklame pwomès Li atravè lagras. Non li ankò? Sherry Diane Bayle. Annou priye.

29 Seyè, nou mennen ti pitit sa ba Ou, agreyab, bèl. Mwen priye, Bondye, ke W va beni ti lavi li. Ke l viv pou l vin yon fanm djanm plen ak gras ak pwisans. Ke li gen yon plas nan gran istwa redanmsyon an pou fè yon bagay pou Wayòm Bondye a. Beni jenn manman l, papa l, granparan yo, ak tout byenneme l yo. E si w viv pou li . . . jouk jou pa l la rive, ke li vin yon ouvriye pou Ou. Kounye a, nou remèt Ou li nèt pou konsekrasyon li, atravè lapriyè, nan Non Jezikri. Amèn. Bondye beni w, cheri, yon bèl ti fi, youn ki debyen.

30 Li pral yon minis tou? Dakò. E kòman li rele? John Michael Daulton. Bon, ou konnen mwen gen yon ti kòbòy laba a jis apeprè tay ou, ti John Michael. Ebyen, se byen sa. Papa l isi a se yon minis, mwen kwè ke se vre. Èske w pat yon minis Batis? Manm layik nan legliz Batis. Se vre. Annou priye.

31 Seyè, nou pote ti gason sa ba Ou. M pa konn sa m kenbe nan bra m. Manman an pa t konnen non plis lè l te fèt, e ti men l yo te karese figi l, ni papa a ki te gonfle pòtray li lè l konnen li te gen yon pitit gason. Bondye, mwen priye ke timoun sa va pou lonè ak glwa Jezikri. Nou pote l ba Ou kounye a, pou dedye l nan lapriyè konsekrasyon an, pou Ou ka itilize ti lavi li a pou glwa Ou. Paske nou dedye l ba Ou, nan Non Jezikri. Amèn.

Bondye beni w. Yon bon ti gason . . .

32 Ti bononm sa a? O, èske se sè Daulton sa? Robert Anthony. Sè Daulton. Ebyen, mwen kontan rankontre w, Sè Daulton. Mwen te konnen mari w trè byen; mwen sipoze m te wè w. Sa se Robert Lee? Kisa? Robert Anthony. Dakò. O, tande, o la la! Se pat farin mayi Sid yo ki te fè l *sa*. Li se yon bon ti gason, yon bèl ti bononm. Annou priye.

33 Seyè, nou pote ti gason sa a ba Ou pou konsekrasyon, ke manman an ak papa a mennen. E nou priye ke Ou va konsakre ti lavi l, Seyè, pou sèvis Ou. Ke li viv epi vin yon gran mesye, djanm, fizikman, espirityèlman. Akòde l, Seyè. E kounye a, nou konsakre l ba Ou, nan Non Jezikri, Pitit Bondye a. Amèn.

Konpliman pou ou pou de bon ti gason sa yo. E mwen espere ke yo toulède va predikatè, si Seyè a pran reta.

34 Men yon lòt ti gason. Nou ka di li se yon bon ti gason, fason li separe cheve l. Kijan li rele? Robert Samuel Bates. Bon, mwen

pa konnen. Li vrèman lou. Hmm, o la la! Robert Samuel Bates, bon ti gason. Annou priye.

35 Chè Bondye, nou mennen ti gason sa a ba Ou, e nou wè l ap pwoche adolesans. O, pyèj dyab la prepare pou ti bononm lan. Kontoune yo pou li, Seyè. Ke ti gason an pa janm mache nan chemen lenjistis, men ke priyè konsekrasyon maten an, ak lafwa paran yo avè nou, lakòz ke ti lavi li dirije nan direksyon Kalvè a. Akòde, O Seyè, ke l va viv epi grandi, epi pou l yon nonm djanm, debyen. Si se volonte W, ke l preche Levanjil la demen, si gen yon demen. Kounye a nou konsakre l ba Ou, nan Non Jezikri Pitit Ou a. Amèn. Bondye beni w.

36 Yo se frè ak sè? Ebyen, sa se trè byen. Kijan w ye? Kounye a, men yon bon ti gason tou. Kijan li rele? Sidney, Simminer, Sumner. Dwight Sumner. Te gen yon gran predikatè yon fwa ki te rele Dwight. Huh? Yon gran predikatè. Kimoun ki konnen kijan li te rele? Dwight Moody. Se vre. Li pa t enstwi, yon ti kòdonye, men li te voye yon milyon nanm bay Jezi. Ke ti Dwight fè menm bagay la. (Men ni.) O, li se yon bon ti gason, bèl ti bononm, li sanble ak yon predikatè. Annou koube tèt nou.

37 Seyè, nou mennen ba Ou, ti gason sa a, ki soti nan bra byenneme l yo epi plase nan pa nou. E nan kwayans ak lafwa nan Bib la, e nan Kris Bib la nou konsakre ti gason sa a ba Ou, ke lavi li va itilize pou glwa Bondye. Beni lakay li, paran l yo, byenneme l yo, e ke l viv epi pou l djanm. E si se volonte W, fè l vin yon minis pou demen, si demen sa dwe la. Men nan priyè nou yo, nan senserite, ak priyè konsekrasyon pou li, nou ofri l ba Ou, nan Non Jezikri. Amèn.

Bondye beni w. Ou se yon bon ti gason. Mèsi, frè yo.

O, m pa konnen, gen yon bagay konsènan ti mesye sa yo, ki jis fè w santi w vrèman byen. Nou konnen, nou te . . .

38 Mwen gen yon ti zanmi fi isit la. Li timid, li bese tèt li nèt. Mwen rele l "ti Gato mwen an". Li soti laba a nan Georgia, kote m te fenk ale pase vakans ak papa l, pou al fè lapèch. E rezon ki fè m te rele l ti Gato mwen an; apre manman l te fin fri apeprè de oswa twa tranch T-bone steak konplè pou mwen lè m t al lakay yo, e mwen te manje jouk mwen jis pa t ka manje ankò, bon manje nan Sid sa; li vini ak yon ti ponyen gato. Mwen te dwe manje yo, tou. Kifè, mwen te rele l ti Gato mwen. Li se yon bon tifi.

39 Tout ti piti sa yo, nou tout renmen Seyè a? O la la, se byen! Tanzantan, mwen preche jis pou timoun piti, nou konnen. Konbyen ki te isi a lè m te rakonte istwa a konsènan ti Moyiz? Nou konnen, ti bato sa, nou konnen, ke ti bebe sa te kache ladann. Nou sonje sa? Epi nou tout te vini arebò lotèl la epi—epi te konsakre lavi nou bay Seyè Jezi. Kounye a, jodi a n ap selebre rezirèksyon Li. Nou toujou renmen L? Nou tout ki renmen Li, leve men nou anlè, nou menm ti gason ak tifi yo ki isi a. O, ala

bèl! Se byen, san pousan! E mwen kwè sa, tou, ak tout kè m, ke yo renmen L.

40 Kounye a n ap vini jis kounye a pou sèvis batèm lan; nou pa janm konnen jis konbyen ki pral batize. Sa fè pati de Levanjil la. Mesaj rezirèksyon an se te: "Ale nan tout mond lan, epi preche Levanjil la bay tout kreyasyon an. Sila ki kwè epi ki batize va sove; e sila ki pa kwè va kondane. E siy sa yo va swiv sa yo, ki kwè," jan yo te li l pou nou maten an, nan Mak 16. Kounye a nou pral li kèk pasaj nan Lèzekriti pou batèm dlo a—a.

41 Kounye a, gen anpil moun, ak legliz, ki aspèje moun yo ak dlo. Anpil nan legliz yo kwè nan sa. E se konsa sa ye, enben, se kòrèk. Anpil vide dlo sou moun yo, yo jis vide l, yo kenbe dlo a anlè epi yo vide l sou tèt yo. Ebyen, se—se kòrèk, ou wè. Se yon konsekrasyon. Se yon—se yon—yon ekspresyon de yon—de yon ekspresyon eksteryè ki endike ke yon zèv lagras te fèt pa anndan. Kifè, m pa gen anyen pou m di kont sa, ou wè.

42 Men, nan Lèzekriti, yo te batize nan plonje anba dlo a. Kifè, se poutèt sa, kòm mwen se yon katolik ansyen mòd, pito m ale jis fason Legliz ansyen mòd la te fè l, nou konnen, nan plonje, kouvri nèt.

43 Yo te sele Jezi nèt ale, yo te mete L nan tè a, epi yo te woule yon gwo wòch sou tonm lan, "Antere, Li te pote peche nou yo ale byen lwen," se poutèt sa, nou kwè *sa*, sa lòt yo fè, se kòrèk, nou pa gen okenn polemik avèk yo, men, pou tèt pa nou, nou kwè nan imèsyon.

44 E kounye a nou fè imèsyon sa a dapre Ansèyman apostolik Legliz primitif lan. Gen kèk nan moun ki imèje yo, epoutan jodi a, ki te kite rit kòmansman Kwayans apostolik la. Nan kòmansman an, premye batèm lan ki te janm fèt apre Pannkot la, se te pou w batize nan Non "Seyè Jezikri a." Epi tout batèm apre sa, chak moun, te batize nan Non "Seyè Jezikri a."

45 E kèk nan moun yo, nou pral li nan yon moman, ki te batize pa imèsyon, pa Jan Batis, jis pou repantans, pa pou padon peche. E yo te dwe vini epi rebatize ankò, nan Non Jezikri, pou yo te ka resevwa Sentespri a.

46 Kounye a, jodi a, nou ranplase Ak, oswa, Matye 28:19, kote Jezikri te kòmande Legliz Li a: "Se poutèt sa, ale nan tout nasyon yo, anseye yo pou yo obsève kèlkeswa bagay mwen te anseye nou yo; nan batize yo nan Non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a." Pyè, dis jou apre, te kòmande yo pou yo batize nan Non Jezikri. E, pèsonn, pèsonn nan Bib la pa t janm batize nan non "Papa a, Pitit la, ak Sentespri a." Sa pa nan Lèzekriti, pèsonn pat janm batize.

47 Epi yon moun ta di kounye a, ou wè, sa te òdone kòm legliz Katolik la, lafwa pa-. . . nou, oswa, *Reyalite Lafwa Nou*, nan liv Katolik la, reyalite lafwa Katolik yo, di ke, "Pwotestan yo rekonèt batèm nou an." Dyosèz Katolik la, nan. . . apeprè sis-. . .

apeprè katòzyèm syèk la, te batize yon nonm, nan aspèje l, nan non "Papa, Pitit, Sentespri," men pa gen yon pasaj nan Lekriti pou sa. Legliz la; Wesley te soti, ak Luther, ak menm bagay la, ki sot nan legliz Katolik la. Kèk nan yo toujou pote katechis Katolik la, kèk toujou pote Kredo Apot yo, e latriye, ki soti nan legliz Katolik la. E, si Bondye fè yon nonm tounen kretyen, konsa, mwen pa gen anyen pou m di kont sa. Ou konprann, ou wè.

48 Men, pou mwen, mwen dwe yon katolik ansyen mòd, mwen dwe rete ak sa ke Legliz primitif la te fè. E mwen dwe batize selon fason Legliz primitif la te batize, nan Non "Seyè Jezikri a." E kounye a nou eseye rete fidèl ak sa.

49 Kounye a, pou m te ka di sa, nan Matye 28:19, Jezi te di: "Se poutèt sa, ale, anseye tout nasyon yo, batize yo nan Non Papa a, ak Pitit la, ak Sentespri a."

50 Ebyen, kounye a, youn nan yo, Li pat janm di, "nan *non* Papa a, nan *non* Pitit la, nan *non* Sentespri a." Li di, "nan *Non* an," sengilye. Gwo save tankou Scofield ak sa yo, ak Grèk orijinal la, tout, epi nan lan, tout tradiksyon yo, se "nan *Non* an." Pa *non yo* oswa "nan non Papa a, nan non Pitit la." Se "nan *Non* Papa a, Pitit la, ak Sentespri a!"

51 Ebyen, *Papa* se pa yon non, nitou *Pitit* se pa yon non, e nitou *Sentespri* se pa yon non. Se tit ki ale ak yon sèl Non. Ou wè, gen yon sèl Non! Alò si . . . Revelasyon ke n ap eseye pote ba nou an se sèten se dwe te menm revelasyon ke apot yo te genyen lè yo te kanpe bò kote L, pandan yo t ap koute L k ap bay komisyon sa.

Yon moun di: "Ebyen, m pa bezwen konnen sa apot yo te fè, Jezi te di *sesi*!"

52 Si apot yo te dezobeyi L, alò Lèzekriti yo fo. Nou dwe rann Lèzekriti pafè, sinon yo pa anyen. Tout Pawòl la vre, sinon okenn nan Li pa vre. Mwen pa konnen ki pati ki t ap vre si tout nan Li pa vre. Si yon pati nan Li pa enspire, rès nan Li a ka pa enspire nonplis. Men pa gen yon kontradiksyon nan Lèzekriti.

53 Kifè si Pyè te di: "Repanti, epi batize, nou chak, nan Non Jezikri," epi tout apre sa te batize nan Non Jezikri, epi Jezi di: "Ale, batize nan Non Papa a, Pitit la, Sentespri a," sa se yon kontradiksyon kategorik, sanble sa, men se pa sa, si w jis konnen.

54 Nou sonje: "Lèzekriti yo kache devan je saj yo ak etidyan yo." Èske nou te konnen sa? "Epi pou yo revele." Lèzekriti yo pa kontredi Tèt Li, Li sèlman deklare Tèt Li.

55 Kounye a, si w ap tounen dèyè, si w t ap li yon istwa, tankou w te di: "Jan ak Mari te viv kè kontan pou tout tan," tankou kèk nan nou, nou tout koupab dèske nou li istwa, e si w pat konn kilès Jan ak Mari te ye, sèl bagay ou ka fè se retounen nan kòmansman liv la, epi li nèt epi dekouvri kilès Jan ak Mari te ye.

56 Si Jezi te kòmande yo pou yo batize nan Non Papa a, Pitit la, Sentespri a, e *Papa* se pa yon non, e *Pitit* se pa yon non, e

Sentespri se pa yon non, nou ta fè pi byen pou n retounen epi dekouvri Kiyès *Papa*, *Pitit*, ak *Sentespri* ye, e kisa Non Li ye.

57 Kifè si nou ta retounen avè m, nan chapit 1 Matye a, tankou nou t ap fè nan nenpòt liv, Sa di: "Kounye a . . . " pou kòmanse ak jeneyaloji yo, Sa di: "Kounye a nesans Jezikri a se te nan fason sa, lè manman L, Mari, te fiyanse ak Jozèf . . . " fiyanse li, nan lòt mo.

58 Kounye a mwen vle montre nou kòman, gade, nou pral di *sa* se Pitit la, Jezi, *sa* se Papa a, *sa* se Sentespri a. [Frè Branham sèvi ak twa atik pou bay egzanp—Editè a.] Kounye a, nenpòt moun konnen, e Jezi te di ke Bondye te Papa L. Nou kwè sa? Nou dwe! Papa Jezikri se te Bondye. Kounye a m ap site Lekriti, Matye 1:18.

> *. . . nesans Jezikri te fèt nan fason sa a: Lè . . . manman li Mari te fiyanse ak Jozèf, anvan menm* li, *yo te antre nan kay ansanm, Mari vin twouve l ansent pou Sentespri a.*

Alò kilès nan *sa yo* ki Papa L?

> *Li pral fè yon* timoun, *e* yo va *rele l JEZI . . .* Remake, li te . . .

> E lè *Jozèf, mari l la, te yon nonm debyen . . . li pa t* gen volonte *fè l yon eskandal piblik ak sa, li te vle kase fiyansaj la* an prive nan fason sa a.

> *Men* lè *li t ap kalkile sou jan li tapral fè sa lè li wè yon zanj Bondye parèt* devan *li nan dòmi,* epi *li di li: Jozèf, pitit pitit David, ou pa bezwen pè pran* madanm ou, *Mari pou madanm ou: Paske pitit l ap pote a se pou Sentespri a.*

59 Enben, kijan Bondye ta ka Papa L, si Sentespri a se Papa L? Li t ap gen de papa, e ki kalite timoun Li t ap ye? Pa gen de. Sentespri a ak Bondye se menm bagay la. Ou wè?

> *Li pral fè yon pitit gason, e* yo va *rele l JEZI: . . .*

> *Tou sa pase konsa pou pawòl Seyè a te mete nan bouch pwofèt la te ka rive vre. Men sa l te di:*

> *. . ., jenn fi a pral ansent,* epi fè yon *pitit, . . . e* yo va rele *L Emannwèl, ki . . . siyifi,* (Kisa?) *Bondye avèk nou.*

60 Kounye a, *men* Pitit la. Nan jou Li te batize nan Jouden an, Jan bay temwayaj li te wè Lespri Bondye, tankou yon kolonm, k ap vini epi rete sou Li. Jezi di: "Se pa Mwen ki fè zèv yo; se Papa M ki abite nan Mwen."

61 Kounye a, "Papa, Pitit, ak Sentespri" gen yon sèl Non, twa tit sa yo, e kisa Bib la di Non sa te ye? Jezi! Kifè sa dwe te revelasyon ke apot yo te genyen, paske se fason sa yo te batize. "Papa," "Pitit," ak "Sentespri" se pa yon non, okenn nan yo pa non. Non Papa a, Pitit la, Sentespri a se "Seyè Jezikri." Sa se Non Papa a, Pitit la, Sentespri a.

62 Kounye a mwen pral li kèk Ekriti jis anvan nou batize. Mwen vle li, dabò, nan premye okazyon pou batèm dlo a, e sa twouve l nan Ak chapit 2, Pyè nan Jou Pannkot la. Li t ap preche.

> E *lè yo te tande sa, yo te santi kè yo boulvèse, epi yo di Pyè ak . . . lòt apot yo: Frè m yo, kisa pou nou fè?*
>
> *Lè sa a, Pyè di yo: Repanti, epi se pou nou chak resevwa batèm nou nan non Jezikri pou padon peche nou yo, epi nou va resevwa don Sentespri a.*
>
> *Paske pwomès la se pou nou menm, ak pou pitit nou yo,* pou tout moun ki byen lwen, *pou tout moun Seyè Bondye nou an va rele.*

63 Apre sa pwochen fwa nou gen batèm ki rapòte, se lè Filip, de jou apre sa, te desann nan Samari. Sa yo te Jwif, e alò lè . . . Gen sèlman twa tribi moun sou tè a, sa se pèp Kam, Sèm, ak Jafè; Jwif yo, Moun lòt Nasyon yo, ak (mwatye Jwif yo ak Moun lòt Nasyon yo) Samariten yo. Lè Filip te desann al preche bay Samariten yo, men sa k te pase. Simon sa a, majisyen an, t ap chame moun ak maji.

> *Men lè yo te kwè Filip ki t ap preche bagay* ki gen rapò ak *wayòm Bondye a,* nan *non Jezikri, yo te batize, ni gason ni fanm.*

64 Pwochen fwa ke yo pale de batèm lan, nou jwenn li nan Ak 10:44 a 48, lakay Kònèy lan, Moun lòt Nasyon an. Men Jwif yo nan Jerizalèm, Filip nan Samari, e men Pyè ak Moun lòt Nasyon yo.

> E *pandan ke Pyè t ap pwononse pawòl sa yo ankò, Sentespri a te tonbe sou . . . sa yo ki te tande pawòl la.*
>
> *Tout kwayan ki te sikonsi yo* (Jwif yo) *ki te vini ansanm ak Pyè te sezi; paske . . . sou moun lòt nasyon yo don Sentespri a te vide* tou.
>
> *paske yo te tande yo pale nan lòt lang, epi yo t ap fè lwanj Bondye. Lè sa a, Pyè reponn:*
>
> *Èske nou ka refize dlo batèm bay moun sa yo, . . .*
>
> *Epi li te ba yo lòd . . .*
>
> . . . ki te *resevwa Sentespri a menm jan avèk nou?*
>
> *Epi li te bay lòd batize yo nan non Seyè a.* Ou wè? Li te priye pou yo . . .

Pwochen fwa ke yo pale de batèm lan, se nan Ak 19, kote yo te vin rankontre ak disip Jan yo. Sa se Pòl, kounye a koute byen, Ak 19.

> *Epi sa te rive konsa, . . . pandan Apolòs te Korent, Pòl te fin travèse zòn ki pi wo nan vil Efèz la:* li jwenn *kèk disip,*
>
> Epi, *li mande yo: . . .*

Kounye a gade. Yo te disip. Yo te kwayan, Kretyen.

Li mande yo: Eske nou te resevwa Sentespri a depi *nou te kwè? Yo reponn li: Nou pa t janm tande yo di ke te gen yon Sentespri.*

Koute sa l te mande a. Koute kesyon esansyèl sa ke apot sa te poze a. Ou wè?

Lè sa a Pòl mande yo: Ki batèm nou *te resevwa? Epi yo reponn* li: Ak *batèm Jan an.*

65 Kounye a mwen ta imajine maten an, si swa, nenpòt nan nou te batize pa menm nonm ki te batize Jezikri a, nou ta panse batèm nou an te trè byen asire. Èske nou pa t ap panse sa? Men men Pòl isi a, ki di se pa sa. Nan menm twou dlo a, pa menm nonm ki te batize Seyè nou an, Pòl kondane batèm sa kounye a paske li pat nan Non Jezikri. Kounye a koute.

Epi Pòl mande . . .: Ki batèm nou te resevwa? . . .

Kounye a si nou vle gade sa nan Grèk la, sa di: "*Kijan* nou te batize?" Ou wè?

. . . Yo reponn li: *Pa batèm Jan an.*

Pòl di yo: Jan te batize vrèman an- *. . . batèm repantans lan, li t ap di pèp la, pou yo te kwè nan moun* ki te vini an, *ki vle di Jezi.*

Remake, menm gwoup sa a te batize nan Jouden an, avèk Jezikri.

Lè yo te tande sa, yo mande pou yo rebatize, *yo te resevwa batèm yo nan non Seyè* Jezikri.

. . . Pòl nan *mete men sou tèt yo, epi Sentespri a desann sou yo; epi yo pran pale an lang, epi yo te pwofetize.*

66 Kounye a, menm Pòl sa di isi a, nan Liv Galat yo. Se poutèt sa mwen kwoke sou li. Galat, chapit 1 ak vèsè 8 la. Koute. M pral kòmanse nan—nan vèsè 6 la. L ap pale ak Galat yo.

Mwen sezi wè jan nou ta *prese vire do bay sila ki te rele nou,* nan *gras Kris la, pou n al swiv yon lòt levanjil:*

Pou di vre, pa gen okenn lòt levanjil; men gen moun k ap plede chaje tèt nou, epi . . . anpeche *levanjil Kris la.*

Men menmsi nou menm, oswa yon zanj ki soti nan syèl la, (sa vle di yon prèt, yon pap, yon predikatè, kèlkeswa sa li ta ye a) *. . . menm si nou menm, oswa yon zanj ki soti nan syèl la, ta anonse nou nenpòt lòt levanjil ke sa nou te preche nou an, madichon pou li.*

Epi *kòm . . .* Epi *nou te di sa anvan, kifè* kounye a m ap di l *ankò, Si yon moun vin anonse nou nenpòt lòt levanjil ke sa* ke nou *te resevwa a, madichon pou li.*

67 "Si nou retire yon sèl Pawòl nan Bib la," Apokalips 21 oswa 22, epi, "oswa ajoute yon sèl bagay ladan L, entansyonèlman,

nou menm, y ap retranche nou nan Liv Lavi a." Se poutèt sa, Sa se konviksyon m yo.

68 San manke dega moun ki vle yo aspèje yo, vide dlo sou yo oswa plonje yo, nan "Papa, Pitit, Sentespri," sa depann de ou espre, chè frè m, sè m. Mwen pa t ap an dezakò avèk nou, mwen jis . . . Ou se—ou se sèvitè Bondye.

69 Men, pou mwen, mwen dwe lwayal epi fidèl ak Bib la. Se poutèt sa, Pòl te kòmande moun, ki te batize yon lòt fason apa de Non "Jezikri," e li te prese yo vini epi pou yo rebatize ankò, nan Non Jezikri. Pou preche menm Levanjil sa, mwen dwe fè menm bagay la, òdone epi konvenk moun yo. Pa janm kite legliz nou; rete ak pastè nou, fè tout bagay nou kapab nan pwòp legliz lokal nou, men swiv enstriksyon Bib la! Se poutèt sa nou kwè, maten an, ke Jezi ap vini. E lè m kanpe jou sa . . .

70 Bon, petèt liv kredo a ta ka kòrèk. Mwen pa ka meprize l. Li ta ka kòrèk. Men, e petèt legliz Katolik la gen otorite sa. Mwen pa konnen. E si nou menm Katolik isi a, epi nou panse legliz nou gen otorite sa, *Sa* a yo di se Liv orijinèl yo. Donk, poukisa pou nou ta pran sa yon nonm modèn te di alòske Kris, Fondatè legliz nou an, te komisyone *Sa*, lè premye pap nou an te komisyone *Sa* a? Ann swiv Bib la, paske mwen kwè ke Sa se Laverite!

71 Kounye a pandan n ap prepare nou, mwen vle sa yo ki gen pou yo batize pou yo avanse epi kanpe isi a, konsa nou ka montre mond lan ke nou kwè ke Jezi:

> Vivan, Li te renmen nou; nan mouri, Li te sove nou;
> Antere, Li te pote peche nou yo byen lwen;
> Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan:
> Nou kwè yon jou L ap vini, n ap tann jou glorye sa!

72 E w ap vini maten an pou konfese ke peche sa ke m te preche sou li maten an, peche mond lan, te kondane epi touye, e ou pa sèvitè bagay sa ankò, men li mouri. E w ap vini pou yo antere w nan Non Sila Ki te mouri pou ou a, e ki te touye peche pou ou, e ki te resisite pou jistifikasyon ou. E ou konplè, nan Li; pa nan okenn legliz, pa nan Branham Tabènak la, pa nan asosyasyon an. Men ou konplè epi an sekirite nan Jezikri!

73 Annou priye. Seyè, pafwa sa sanble l difisil, paske mwen konnen ke mwen gen zanmi presye isi a ki gen lafwa Katolik, ak kèk nan Metodis Wesleyen yo, e, pa gen dout, anpil nan kwayans ekstrèm nan trinite a.

74 Nou kwè, Seyè, ke "Papa, Pitit, ak Sentespri" se menm Bondye a, men twa fonksyon ke Bondye nan Syèl la te sèvi ladan yo: yon fwa pou Jwif yo, nan Patènite a; yon fwa nan lachè, antan ke Filyasyon an; e kounye a nan Sentespri a, nan Legliz la. Pa twa dye, nou pa kwè, Papa; paske Ou pa ka nye Pwòp Pawòl Ou, alòske pa gen okenn lòt Bondye eksepte Ou menm. Ou di:

"Mwen se Seyè a, Bondye w la, ou pa dwe gen lòt dye." E nou kwè, Seyè, ke sèl vrè Bondye sa a te viv nan twa dispansasyon diferan: anba lalwa; anba dispansasyon Kretyen an lè Kris te sou latè nan yon kò lachè ki te fèt nan vyèj Mari a, te mouri, te resisite, e te rachte nou, Legliz la; e kounye a, sou fòm Sentespri a, Temwen rezirèksyon an ap viv nan vi nou. Padonnen peche nou yo.

75 E mwen priye ke Ou va beni chak moun isit la, kèlkeswa afilyasyon legliz oswa denominasyon. Yo se èt imen k ap viv epi manje, epi renmen, epi ki vle ale nan Syèl. Yo tankou nou tout. E nou—nou se—nou p ap eseye dezonore anyen oswa okenn zèv ke okenn moun te fè nan Non Ou, men nou sèlman ap eseye bay yon deklarasyon sou lespwa ki chita anndan nou an, ki baze sou Pawòl Ou. Pawòl Ou se Verite.

76 Kifè nou priye, Papa, ke si gen kèk isi a ke W ta vle pou yo rebatize, se pou yo avanse. E sila yo ki pa t janm fè yon konfesyon Kretyen, k ap vini kounye a pou yo batize nan Non Seyè resisite yo a, ala yon bèl moman pou fè sa, nan maten Pak la. Kisa k fè batèm? Paske te gen yon Pak. Akòde, Seyè, ke nenpòt moun ki va vini, ka beni epi ranpli ak Sentespri a, jan yo dezire l la. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

77 Kounye a, sila yo ki vini pou batèm, èske nou ta vle jis kanpe sou pye nou? konsa nou ka gen yon konsepsyon jeneral sou kilès ki pral batize. Pral gen youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis, onz, douz, trèz, katòz, kenz, sèz, disèt, dizwit. Dizwit ladan yo. Dakò. Mwen pran pa w la dèyè a, sè dèyè a.

Kounye a mwen ta renmen nou tout ta, si nou ta mache avanze dwat isi a jis yon moman. Èske nou ta vle?

Èske w ta vle jwe pou nou, sè: "Mwen ka tande Sovè m ap rele"? Tou dousman jan ou kapab, dousman.

78 Epi jan m wè, k ap desann liy lan, m konnen moun yo, m wè moun ki soti deyò vil la, ki soti nan legliz ki ta reyèlman panse ke mwen te jis yon ti kras kite liy lan, nan batize moun yo. . . (Èske nou ta vle deplase drèt nan direksyon *sa* yon ti kras, frè yo, konsa sa yo ki dèyè isi a. . . ? Wi.) . . . nan batize yo nan Non Seyè Jezi a. Men mwen vrèman eseye rann li klè otan mwen konnen kijan pou fè l. Ou wè?

Kounye a, sa se yon bèl gwoup moun. Mwen vle nou tout vire tounen drèt bay oditwa a, *konsa*. Dakò.

79 Moun sa yo ki kanpe isi a, ap vini sou baz ke yo kwè ke Jezikri se Pitit Bondye a, ke Li te. . . te soufri anba Pons Pilat, e yo te krisifye L sou Kalvè a, te mouri, te antere; te resisite twazyèm jou a, triyonfe sou lanmò, lanfè, ak tonm lan, epi Li te monte Anwo a, chita sou bò dwat Majeste a, pou fè entèsesyon sou konfesyon yo. Kounye a yo te montre nou ke yo kwè sa solanèlman ak tout kè yo, e yo te konfese peche yo devan Bondye, e yo te konvenki ke Jezi se Pitit Bondye a, e te aksepte L kòm Sovè pèsonèl.

Si se konsa, leve men nou, nou tout ki kanpe toutotou konsa. Jis leve li. En-en.

80 Se poutèt sa, kèk nan yo te Kretyen depi lontan. Kèk nan sa yo te batize nan non Papa a, ak Pitit la, ak Sentespri a. E yo konvenki jodi a ke—ke Lekriti a epi fason apostolik batèm lan se nan Non "Seyè Jezikri a." E yo vini, yo kwè sa, e yo aksepte l, e yo anbrase sa, e yo panse ke sa se Laverite paske Lekriti anseye sa.

81 Si gen moun konsa ki kanpe nan liy lan, èske nou ta vle leve men nou? noumenm ki te batize anvan e ki pral. . . nan non "Papa, Pitit la, Sentespri," e kounye a kwè nan "Seyè Jezikri." Mèsi.

82 O Seyè, Kreyatè Syèl la ak tè a, Otè Lavi ki p ap janm fini an, men gason, fanm, ti gason ak tifi kanpe isit la, ke mwen dwe kondwi isi a nan tonm Pak sa. O Bondye, yon jou, petèt jou sa a ankò, mwen dwe kanpe avèk yo devan Tribinal Jijman an. E lè gwo Bòs la avanse ak gwo rad wa Li yo; antan ke yon minis Levanjil la, mwen dwe kanpe devan Bib louvri sa a epi rann kont pou sa m te anseye moun yo. Mwen gen laperèz, Seyè, nan krentif, krentif pou Bondye, pou m pa anseye yon bagay ki fo, epi tout sa m te fè yo t ap voye jete. Paske, Ou di: "Jouk syèl la ak tè a pase, pa gen yon sèl Pawòl pa M ki va pase." Epi Ou te di: "Ke tout pawòl lòm yo fo," epi pa W la vre.

83 Se poutèt sa, Seyè, mwen tankou sèvitè pa W la nan tan pase, ap prese yo vini epi rebatize ankò. Pou m te ka di ke nan jou sa, ke, "M te fè tout sa m konnen kijan pou m fè. Nan fas kritik yo, ak kisa ankò, men m te eseye viv fidèl ak Bib sa a."

84 Akòde, Seyè, ke lavi yo va anrichi epi beni, e ke yo pa manke anyen. Ke Sentespri a vini sou chak nan sa yo ki poko resevwa L. Ke sa se yon tan rezirèksyon, ke gwoup moun sa yo va resisite, epi legliz sa va chaje avèk Pwisans Jezi resisite a. Ke nou kite bilding sa jodi a, nan di: "Èske kè nou pat boule anndan nou, antan L t ap pale avèk nou sou wout la." Akòde l, Papa. Antan ke sèvitè Ou, ak bagay materyèl sa yo, kijan n ap avanse kounye a pou obeyi Kòmandman Ou yo. Nan Non Jezikri, Pitit Ou a. Amèn.

85 Kounye a fanm yo, mwen kwè, prale nan sal *sa*. Èske se sa? [Frè Neville di: "Se sa."—Editè a.] Bò isi a kote pral gen preparasyon, fanm legliz yo va pran plas yo isi a ak fanm sa yo, sou bò dwat mwen an. Mesye yo prale sou bò *sa* a, ki se bò gòch la. E Doc, si l vle, mete gwo limyè yo sou anlè batistè a, tout moun pral kapab wè sèvis batèm lan. E Frè Neville va kondwi chan yo pou mwen, si l vle. E nou pral. . . [Frè Neville pale ak Frè Branham.] Epi ranje sa tou pre. [Pati vid sou kasèt la.]

86 Ke li te ale, desann pi ba Koridon, kot yon fanm ki pat anyen ke lonbraj yon fanm, ak kansè, epi li te fè l koute bann youn nan reyinyon yo, e fanm lan te delivre totalman, nan lakou a, li t ap sanble fèy ak rato. Doktè yo pa ka jwenn anyen nan kansè li.

87 Sa fè kèk jou, yon fanm te chita isi a, kote m te mande epi m te di, nan yon ti kongregasyon: "Nou pat gen yon chans pou distribye kat pou lapriyè, kifè m ap jis senpleman mande, konbyen isi a ki pa t janm nan reyinyon m yo anvan?" Anpil te leve men yo. Gran Sentespri a te baleye plas la epi kòmanse disène panse moun yo ak sa yo te dwe fè. Te gen yon ti bebe ki te chita la a ki soti yon kote nan Georgia, ak yon maladi po, depi li te fèt. De jou apre, yon moun te rele, oswa kèk jou apre, epi te di: "Maladi po a t ap disparèt sou ti bebe a."

88 Yon dam ki chita isi a, ki ta pral sibi yon operasyon, ak yon gwo kansè malfezan sou kote li, ke yo ta pral opere, madi apre a. Sa se te nan dimanch. Li te vini ak yon alkolik, yon ansyen alkolik, Rosella Griffith. E lè fanm sa te vini, epi Sentespri a te kòmanse di l kimoun li te ye epi ki kote l soti, Sa te di: "Ou ka panse petèt ke Rosella te di nou sa." Alò Sentespri a te ale epi te nonmen pitit li a nan oditwa a, epi te pale de timoun lan, epi te di: "ENSI DI SEYÈ A, timè sa disparèt."

89 Epi nan madi maten lè l te antre pou yo egzamine li, oswa pou operasyon li, pandan tout espesyalis yo, kat nan yo, mwen kwè, te reyini. Yo te kòmanse manyen pou santi boul la, e li pa t la. Yo te fè l pase radyografi, epi yo te rele lòt doktè vini, epi yo te remete rad li yo sou li epi yo te voye l lakay li: "Pa gen anyen ladan l ditou."

Bondye toujou Bondye! Pa pèdi lafwa, jis kontinye kwè. Dakò.

90 Nou tout priye pou mwen pandan nou pral nan Kalifòni, nan reyinyon yo; èske n ap fè sa kounye a? Nou dwe pati, pandan anviwon, ant dis oswa kenz jou, nan Tanp Angelus la, kòmanse apati twa.

91 Apre sa nou prale, apati de la a, yon sware ak moun Panyòl yo, nan yon oditoryòm nan Los Angeles, le sèz. Le disèt, le dizwit epi le diznèf, nou pral nan baz naval yo nan San Diego.

92 Epi apre sa n ap pati de la, pou al nan San Jose. Se a senkant kilomèt distans ak Oakland, paske nou pa t ka jwenn estad nou te genyen ane pase a. Yo gen yon evènman patinaj sou glas laba a. E nou gen chan pou fwa a, ki pral gen plas pou chita toutotou, mwen sipoze, petèt ven mil moun. E yo te gen swasanteen legliz Plen Levanjil ki te enskri pou reyinyon an. E alò nou espere pase yon gwo moman la pou apeprè de semèn.

Seyè a beni nou. Epi priye pou mwen kounye a.

93 [Frè Neville di: "Mwen jis vle fè ti anons sa, ke kèk nan frè nou yo pral retire patisyon ki nan sal sa a, dèyè a, pou aswè a, li pral posib pou fè yon santèn moun anplis chita, mwen . . . " Pati vid sou kasèt la. Kongregasyon an ap chante, *Mwen Sou Wout Pou Latè Pwomiz* antan Frè Branham ap prepare pou batèm nan. Frè Branham ap batize kandida yo, anpil nan pawòl li yo pa ka disène—Editè a.]

94 . . .?. . .obsève kèlkeswa bagay Ou te komisyone. Sou. . . [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]. . .konsekrasy-. . .[Pati vid sou kasèt la.]. . .sa, frè mwen. . .[Pati vid sou kasèt la.]. . .e konfesyon li. . .[Pati vid sou kasèt la.]. . .de Seyè Jezi a, ak pa li anplen. . .?. . .[Pati vid sou kasèt la.]

95 (Kisa ki pa w. . .?. . .Ou ta ka tann jiskaske. . .?. . .kite yo kanpe isi a menm. . .?. . .O, frèt, frèt anpil. . .?. . .Nou gen yon bagay isi a. . .?. . .Kijan w rele, sè? Ki kote w soti? Pitit fi Opal Weaver. En-en. Manman w te sove anba lanmò, pa vre? Opal Weaver, li te gen kansè. Se vre. Ebyen, ou pa ta enfimyè ki te anba la jou sa lè m te antre la a? Youn nan pitit fi l yo t ap etidye pou l vin enfimyè. Wi. Lè m te antre pou m priye pou li jou swa sa laba. . .Byen. Madam Kennard, èske w te batize deja? Aspèje. Dakò. Kounye a, jis gade nan direksyon sa. Se byen sa. Dakò. . .?. . .Èske manman w la a?)

Sa se Madam Kennard. E pou moun legliz yo isit la, sa se pitit fi Sè Opal Weaver.

96 E nou tout konnen Opal Weaver, ak sa k te pase nan vi l. Li te senpleman yon eskèlèt, ak kansè, doktè yo te abandone l. Epi Madam Weber vwazin li, ki se yon fanmi pa l, yon jou lè m te soti nan Lwès la, pou yon reyinyon, li te mande m pou m al laba a pou m al wè Madam Weaver. Madam Weaver te di: "Frè Branham, mwen pa diy ke yon sèvitè Kris vini lakay mwen, paske mwen se yon pechè." E li pa t pale twòp de gerizon Divin, men li te pale de peche l yo. Li pat vle rankontre Bondye kòm yon pechè. E la li te bay lavi l bay Bondye. E li te. . .vini nan basen sa a, si tèlman ap balanse epi mache de bò, ak ti bout manm ak bra, jouktan li te sanble ak yon eskelèt, li te mache antre nan dlo sa pou l batize nan Non Jezikri. Li kanpe la ap kriye kounye a, pandan l ap gade pitit fi l k ap pase nan menm batèm li te resevwa a.

97 Èske ou, oumenm ki kanpe la, èske se pa ou, Madam Weaver? Èske w vle fè yon pa soti la, jis pou yo ka wè kisa l sanble kounye a. Anpil ane de sa, yon eskelèt apeprè karant liv. E sa se pitit fi li k ap desann nan menm basen an, nan Non Jezikri.

98 Bondye beni ou, Sè Kennard. Jis mete bra ou nan kou l, *konsa*, Sè Kennard. Pliye yo byen alantou pa m yo. Se sa. Bon, se trè byen, jis gade nan direksyon *sa*. Kounye a ann bese tèt nou.

99 O Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, Otè Lavi ki p ap janm fini an, e Sila ki Bay tout bon don. Antan fanm sa vini maten an, li reyalize ke Ou te resisite manman l soti nan lonbraj lanmò yo, kòm li te obeyi W nan batèm dlo, jan li te pwomèt sou kabann lanmò li li t ap fè l. Li vini maten an, li konnen ke li te jis aspèje, e li pat satisfè ke sa se te batèm apostolik. Li vini kounye a pou akonpli dezi kè l ak kòmandman Bondye a. Se poutèt sa, Papa, mwen priye ke Ou va ranpli l ak Sentespri a. E kite l viv yon vi ki long, kè kontan, epi pou l sèvi Ou.

100 E sou baz konfesyon fwa ou, epi konsekrasyon w bay Seyè nou an, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

101 (. . .?. . . Kounye a, fè yon moun vini drèt devan ou, isi a, pou ke yo abitye ak dlo a. Ou wè. . .?. . . Fè yo tounen. . .?. . . Papa, vin kenbe men l. . .?. . . Fè yon lòt moun desann isi a. Dakò. Mwen vle lòt la. . .?. . . Se sa. . .?. . . Kanpe, kanpe drèt la. . .?. . . Se sa. Drèt la, kanpe drèt la. . .?. . . Belvin. Kounye a, fè yon lòt tifi vini epi kite l kanpe dèyè a la, pou l ka abitye ak dlo a. . .?. . . fè yon lòt desann, pou l abitye on ti kras plis avè l. Kounye a, kanpe drèt nan direksyon sa, sè. Se sa. Dakò, la a. Belvin, ki soti Michigan. . .?. . . trè byen. Mwen panse se fason sa a ou. . . mete men ou drèt isi a. Dakò.)

Sè Belvin, Maria, ki soti toupre Battle Creek, Michigan, ki vini pou l rebatize nan Non Seyè Jezi.

102 Moun yo, rezon ki fè nou te jis yon tikal ezitan lè sa a, menm si aparèy pou chofe a te nan dlo sa depi kèk tan, fon basen an toujou frèt tankou glas. E se poutèt sa nou kite yo jis vini, pou abitye ak dlo a.

E m ap mande yo, jis mennen yo jis pou yo ap vini san rete, youn tout tan.

Alò kounye a si w vle jis mete bra w drèt toutotou pa mwen, Sè Belvin, *konsa*, kwaze men w. Se sa. Dakò. Kounye a annou priye.

103 Papa nan Syèl, ki pi Jis la, Otè Lavi ki p ap janm fini an, Sila ki bay tout bon don, voye benediksyon Ou yo sou fanm sa ki te vwayaje tout wout la soti Michigan, pou swiv Pitit Ou a nan batèm maten an, nan basen glase sa a. O Seyè, tande priyè sèvitè W la. E mwen priye ke Ou va ranpli lavi li ak Pwisans Ou, bon bagay nan Syèl la. E, alòske m ap batize l nan dlo, ranpli l ak Sentespri a ak pwisans pou sèvis Ou. Akòde l, Bondye Etènèl. Jan Ou te komisyone nou pou ale nan tout mond lan epi fè tout nasyon yo vin disip, nan batize yo nan Non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, nan anseye yo pou yo obsève kèlkeswa sa Ou te kòmande.

104 Se poutèt sa sou konfesyon peche w la, ak fwa w nan Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme m lan, nan Non Seyè Jezikri a. Amèn.

(Kijan ou rele, en? Jozèf kisa? Blade? Ki siyati li? Kisa? Blade. Trè byen. Jis rete kanpe la, pitit gason, si ou kapab, tanpri? Dakò. Kounye a, kanpe bò la, sè, pou ke. . . Se sa. Dakò.)

105 Men yon jenn gason debyen, Joseph Blade. Ti gason sa a deja jwe yon enstriman devan jiska san senkant mil moun. L ap vini pou l yon ti predikatè. E li vini pou l batize nan Non Jezikri, pa paske papa l, manman l konvenk li, men avèk pwòp konviksyon pa l li vini. Li gen pou l jwe apremidi a, yon kote isi a nan Indiana;

men li te vle ret tann jiskaske sa te fèt, paske li gen konviksyon ke sa se vre. Sa ekri nan Lèzekriti: "Yon timoun piti va kondwi yo." Annou bese tèt nou. (Kenbe bra Frè Branham. Se fason sa a, gason, *isi a* menm.) Annou priye.

106 Seyè Bondye, sa ekri: "Kite timoun yo vin jwenn Mwen." Men yon ti Jozèf. Lè m panse a non sa, mwen panse a pwòp ti gason m lan. Mwen priye ke Ou va beni ti Joseph, ranpli lavi l ak Sentespri a, Seyè. Fè li, ba li dezi kè l, se pou l yon predikatè Levanjil la. Ba l siksè nan tout sa l fè. Epi sou komisyon W, Seyè, jan Ou te komisyone nou pou ale nan tout mond lan epi fè disip, nan batize yo nan Non Papa a, Pitit la, ak Sentespri, epi nan anseye yo pou yo obsève kèlkeswa sa Ou te kòmande.

107 E sou konfesyon peche ti gason sa a, ak lafwa li nan Pitit Bondye a, mwen batize w, ti frè mwen, Joseph, nan Non Jezikri. Amèn. Amèn.

(Kijan w rele, sè? Myers, Sè Myers. O, se Sè Downing isi a, jis antre nan dlo a.) Moun sa yo soti nan Tennessee.

108 Sa se Sè Myers, ki soti Memphis, Tennessee, pou rankontre Seyè li a nan batèm maten an. Mwen sipoze ou te batize yon fwa nan . . . antanke timoun. E ou vini kounye a pou w batize nan Non Seyè Jezikri. Si w vle jis kenbe bra m, Sè Myers, mwen kwè, si w petèt vire toulède men yo. Mwen kwè, dam lan sa fè yon ti tan . . . Se sa. Sa miyò. Annou bese tèt nou.

109 O Seyè Bondye, Ki te resisite Jezi nan mitan mò yo, e ki te ban nou temwayaj la pa Sentespri a, nou kanpe isi a nan tonm glase sa a maten an, nou konnen sa, ke, osi sèten Jezi te soti nan tonm lan, se konsa nou va resisite nan Jou sa. Yon jou, si Jezi pran reta, nou prale nan yon—yon tonm labou, yo pral jete tè sou nou. Men pa gen okenn tonm ki ka kenbe nou. Jezi te bay pwomès la: "Sila ki kwè epi ki batize, va sove." Jèn fanm sa vini jodi a, ak yon kè konsakre nèt, kwè ke Ou pral fè sa pou li. Se poutèt sa, Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, epi Otè Lavi ki p ap janm fini an, voye benediksyon Ou yo sou li, pandan m ap akonpli komisyon ke Ou te ban nou pou fè a.

110 Sou konfesyon fwa w nan Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Jezikri. Amèn. Bondye beni w, sè.

111 (Sè Downing isi a. Vin jwenn mwen.) Sa se Sè Downing, ki soti nan Memphis, Tennessee tou. Bondye te bon anvè fanmi sa; kijan Li te—te ye pou manman l, ki te gen yon long peryòd maladi depi. Sa se youn nan pi bon zanmi madanm mwen. E li vini jodi a, pa poutèt yo konvenk li, li vini poutèt konviksyon, ke li vle rebatize nan Non Jezikri. Bondye, beni fanm sa.

112 Mwen vle di sa. Mwen ta pito bay yon moun yon ti boujon flè kounye a, pase yon kouwòn antye apre yo fin ale. Mwen te obsève fanm sa pandan plizyè lane, depi m te antre nan ministè a. E fanm sa a, mwen konnen pase li, ki sa li te ye ak sa li te fè; li te gen yon kè plen ak pwoblèm, men li te youn nan egzanp Krisyanis

yo. Mwen kontan mwen ka di sa maten an. E li eksepsyonèl, pou mwen, antan ke yon Kretyèn konsakre. Mwen tèlman kontan mwen ka di sa pou li, anvan mwen batize l nan Non Seyè li.

113 Pran toulède men yo nenpòt fason ou vle fè l, Sè Downing. Jis la sa va kòrèk. Sere dwèt ou yo *konsa*, mwen kwè sa ap fè w leve pi byen.

114 Bondye Toupwisan, Kreyatè Syèl la ak tè a, epi Otè tout bon don, epi Otè Lavi ki p ap janm fini an, Ou komisyone nou pou nou ale nan tout mond lan epi fè tout nasyon yo disip. Seyè, nou fè sa, ak respè. E mwen priye ke Ou va resevwa fanm sa, selon konviksyon kè l; apre sa te yon fwa nan non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a. Pa paske m te di sa; paske li gen konviksyon ke se fason apostolik Ou ak premye fason orijinal Ou pou batèm, tankou premye Legliz la te batize. Li vini tankou—tankou Pòl te di, nan tan lontan. E, Bondye, mwen—mwen priye ke Ou va resevwa l. E mwen konnen W ap fè l. E fè lavi l kontan kounye a. Ba li dezi kè l.

115 E sou baz konfesyon fwa ou nan Jezikri, e sou baz konsekrasyon ou ba Li, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri nou an. Amèn. Amèn. Lwanj pou Bondye!

116 (O, mwen kwè ou se pwochen an, mesye, pou vini. Kijan ou rele? Henry Blade. Dakò.) Sa se Henry Blade, yon jèn gason ki vin batize nan Non Seyè Jezikri. Èske w se yon frè pou ti bononm ki te fèk batize a? Ou jwe mizik, tou? Yon lòt manm nan òkès la, k ap jwe mizik, ke y ap reklame toupatou. Yon moun te fèk di m sa fè yon ti tan, ke, yo jwe devan gwo oditwa toupatou. E li vini ak konviksyon, pou l batize nan Non Seyè resisite l la. Èske w ta vle avanse drèt isi a, Frè Blade? Jis mete tou de bra w yo *konsa*, drèt toutotou bra m. Se sa. Annou priye.

117 O Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, epi Otè Lavi ki p ap janm fini an, e Sila ki bay tout bon don, voye benediksyon Ou yo sou jenn gason sa ke mwen batize nan Non Pitit Ou a. Akòde l, Seyè.

118 Sou konfesyon peche w yo, ak lafwa w nan Pitit Bondye a, mwen batize w, frè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn. Ebyen, ti gason sa a, beni li!

(Kijan ou rele? Kisa? Myers.) Sa se ti Frè Myers. Ki laj ou genyen? Dizan.

Yon moun ta ka di: “Poukisa w batize ti gason sa?”

119 Jezi di: “Kite timoun yo vin jwenn Mwen, pa entèdi yo, paske se pou sa ki sanble yo Wayòm Bondye a ye.” Kite yo vini! Ti gason sa a vle batize. Mwen kwè yo te dwe soti al chache rad pou li, oswa yon bagay, pou l te batize. Li gen konviksyon. Annou priye.

120 Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, Otè Lavi ki p ap janm fini an, e Sila ki bay tout bon don, voye Benediksyon Ou yo sou

timoun sa, ki vin jwenn Ou maten an, nan tonm glase sa a. Antan m ap batize l nan dlo, ranpli l ak Sentespri a.

121 Sou konfesyon peche l yo, ak lafwa li nan Pitit Bondye a, mwen batize w, ti frè mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn. Se pou ti kè li beni!

122 (Dakò, Sè Ungren.) Dam sa isi a, se te yon twofe gras Bondye. Sa se mesye . . . Madam Ungren, manman tifi Downing lan ak tifi ki te anvan l la, ki te fèk batize. Yo tout soti Memphis, Tennessee. Sa se te yon zanmi nou depi plizyè lane epi plizyè lane. E li soti nan yon legliz trinitè laba a nan Memphis, Tennessee. Mwen pa t ap di Sè Ungren oswa pèsonn pa al legliz la. Sètènman, ale nan pwòp legliz ou. Se kòrèk. Men, li p ap fè sa paske li gen yon bagay kont legliz li, l ap fè sa paske Levanjil la konvenk li ke sa se batèm apostolik. Bondye beni w, Sè Ungren. Li te malad, ap travèse yon peryòd nan lavi, sa pa fè l okenn byen.

123 E Sè Weaver, antan w kanpe isi a, e yon temwen ke—ke . . . E anpil nan nou isi a ki konnen sa, lè nou te rebatize ankò nan Non Jezikri, kèk nan nou laba ak kansè epi ki pa t ka refè; lè w te rebatize nan Non Jezi, kansè a te kite w. Madam Weaver se youn nan yo. Epi dam lòtbò lari a la a se youn nan yo, ke sa te fè sa.

E mwen gen konfyans nan Bondye ke sa va finisman soufrans ou, sè, paske ou te obeyi Kòmandman Bondye yo.

Kounye a si w vle jis mete bra w toutotou pa m, jis nenpòt fason ou vle kenbe l. Annou priye. Dakò.

124 Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, men sèvant Ou kanpe isi a, e li te malad depi kèk tan, men, O Seyè, li kanpe isit la jodi a nan basen sa, pou l batize nan Non Jezikri. Seyè, mwen renmen moun sa yo, e mwen priye pou yo san rete, pou yo ta wè gran Limyè sa. Paske, mwen kwè, Seyè, ke se, ak tout kè m, se chimen ke Ou òdone nou pou nou swiv. Mwen priye ke Ou va geri Sè Ungren kounye a. Ke tout tras maladi rete nan basen sa. Ke li leve nan yon nouvo sante, epi nan pwisans rezirèksyon Kris la.

125 Sou temwayaj li ak konfesyon li, ak lafwa li nan Pawòl Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

(Dakò, frè. Mwen kwè ou se yon teknisyen radyo, pa vre, oswa yon bagay konsa? Yon animatè radyo. Èske w ta vle vire epi kanpe? Kijan w rele? Bert Maine. Si w vire . . . Wi.)

126 Sa se Frè Bert Maine, animatè radyo a, jounalis la, prezantatè nouvèl yo pou estasyon radyo a, ki gen konviksyon ke batèm dlo a nan Non Jezikri kòrèk. Èske w te batize deja, frè? Li te batize deja, nan non "Papa a, Pitit la, ak Sentespri a." Men li gen konviksyon pa lekti Pawòl la, ke se sa li te dwe fè. Yon nonm kalib li ak pwofesyon li, ki vini dirèk nan dlo a, li vle ke Bondye beni l epi ba l sa Li genyen pou li nan lavi. Ke Bondye beni sèvitè fidèl Li sa a.

Jis avanse dwat isi a, Frè Bert, mete toude bra yo drèt toutotou pa m, sa isi a menm. Se sa. Annou priye.

127 Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, epi Otè Lavi ki p ap janm fini an, e Sila ki bay tout bon don, voye benediksyon Ou yo sou frè sa. E antan li vin isit la kòm yon temwen gras Ou, yon lektè Pawòl Ou, ki gen konvisyon nan kè l ke sa se bagay pou l fè a, paske se yon komisyon Legliz sen W la. Se orijinal la. E, Seyè, nou vle swiv Kòmandman sa yo ki mache avèk Ou, paske se vrèman dezi nou pou mache jan yo te mache a, pran chimen apot yo te swiv la. Petèt pèsekisyon, petèt se doulè kè, petèt se lapenn, nou pa konn sa l pote, men, Seyè, toutotan W ap kondwi, nou konnen sa pral byen. Beni frè nou, ranpli vi l ak Sentespri, epi konsakre tèt li nan sèvis Kris la.

128 Se poutèt sa, sou konfesyon lafwa w, epi konviksyon w sou sa ke w ap pare pou fè kounye a, frè byenneme mwen, mwen batize w nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

(Ou se Sè. . . Sè Skaggs. Èske w se yon pitit fi Frè Skaggs isi a, zanmi m? ki soti nan. . . soti. . . ?. . .)

129 Sa se Sè Skaggs. Èske w te janm batize anvan, Sè Skaggs? Li te batize anvan, nan "Papa, Pitit, Sentespri." Li vini maten an, jenn fanm sa, pou konsakre lavi li bay Seyè Jezi, pou swiv Li nan batèm apostolik la. Seyè a beni w, Sè Skaggs. Èske w ta vle vini nan direksyon sa jis yon ti kras pi pre? Mete bra w nenpòt fason ke w vle pou kenbe pa m. Annou koube tèt nou.

130 Bondye Toupwisan, Kreyatè Syèl la ak tè a, epi Otè Lavi ki p ap janm fini an, e Sila ki bay tout bon don, voye benediksyon Ou yo sou jenn sèvant Ou sa a. Mwen priye ke Ou va ranpli lavi li ak mizerikòd ak benediksyon Bondye yo, epi konsakre nanm li pou Ou, Seyè, epi ranpli l ak Lespri Ou ak lanmou Ou.

131 Sou konfesyon lafwa w, sè byenneme mwen, mwen batize w nan Non Seyè Jezikri. Amèn. Amèn.

[Yon moun pale ak Frè Branham—Editè a.] (Kèlkeswa sa manzè ye a, si l gen konviksyon, ebyen, oke alò.)

(Dakò. Kijan ou rele, kounye a?)

132 Sa se Frè Henry B. Johnson. Li te vin isi a pou Pak ki pase a pou l batize, e li pa t gen rad li, e li te tann yon lane pou l te batize nan Non Jezikri. Bondye beni sèvitè vanyan Kris sa a! Mache avanse drèt isi a, Frè Johnson. Jis mete bra w dwat toutotou pa m isi a, nenpòt fason ke w panse ou ka leve tèt ou pi byen avè l. Se sa. Se sa. Annou, lapriyè.

133 Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, epi Otè Lavi ki p ap janm fini an, Sila ki bay tout bon don, voye benediksyon Ou yo sou kè sa k ap tann lan. O, lè W wè l soti nan dlo sa, ke Sentespri a ki t ap bouje sou dlo yo nan kòmansman an, ke Li bouje sou li. Konsakre lavi li, O Bondye, pou sèvis Ou.

134 Sou konfesyon peche w yo, ak lafwa w nan Jezikri, mwen batize w, frè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Lwanj pou Bondye!

(. . .?. . .ou menm tou. Frèt? En-en. Ann wè, kisa sa. . .? Martha, èske se sa, oswa. . .? Jo Ann.)

135 Sa se yon lòt ti fi ki pou youn nan. . .pitit fi Sè Downing lan, ti Jo Ann Downing. (Se sa, sè? Ki laj ou genyen anviwon kounye a? Katòzan.) Li se yon—yon zanmi pèsonèl ti fi m lan, Rebekah, ki kanpe isi a ap gade y ap batize l, nan Non Seyè Jezi a. Nou tèlman kontan jodi a pou wè ti Jo Ann, sou konviksyon, timoun adolesan sa yo, lè mond sa ranpli ak peche ak koripsyon, pou wè yo ap fè chwa yo ak Jezikri. Bondye beni jenn fi sa. (Antan w kenbe men w.) Annou priye.

136 Bondye Toupwisan, Kreyatè Syèl la ak tè a, epi Otè Lavi ki p ap janm fini an, voye benediksyon Ou yo sou jenn fanm sa. Pandan m ap batize l ak dlo, mwen priye pou W ranpli l ak Sentespri a. Akòde ke jèn vi li va yon—yon benediksyon pou Ou, Seyè. Akòde li. Epi pale avè l, epi viv nan li epi travay atravè li, Seyè, atravè pwisans Bondye.

137 Sou baz konfesyon w de Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

(Dakò, Sè. Manman w isi a? Wi. Se frèt pou ou. Kijan ou rele? Sharon Myers, gade nan direksyon sa, Sharon.)

138 Sharon Myers, yon lòt jenn fanm ki vini kounye a, l ap konsakre lavi l bay Kris. Èske w te janm batize, Sharon? Non, sa se premye fwa l ap batize. Ke Seyè a beni jenn fanm sa, epi ranpli lavi li ak bonte ak mizerikòd Bondye.

139 Jis avanse drèt isi a, Sè Sharon. Epi jis mete de bra ou yo konsa, cheri, mwen panse, anba nan fason *sa* t ap pi bon. Jis nenpòt fason ke ou ka kenbe l kounye a konsa, dakò, Sè Sharon. Ann lapriyè.

140 Seyè Bondye, Kreyatè syèl la ak tè a, Otè Lavi ki p ap janm fini an, e Sila ki bay tout bon don, voye mizèrikòd Ou yo sou sè nou isi a. E ke li viv epi pou l yon egzanp de—de vrè Krisyanis, nan katye kote li soti a. Akòde l, Papa. E jan Ou te komisyone nou pou "ale nan tout mond lan epi anseye tout nasyon yo, nan batize yo nan Non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a," epi anseye yo pou yo obsève kèlkeswa sa Ou te kòmande nou. Akòde li, Seyè, ke jenn fi sa a va resevwa benediksyon ke Ou te pwomèt yo.

141 Sou konfesyon lafwa w, e—e sou konsekrasyon w bay Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Jezikri. Amèn.

(Kounye a, soulye yo pa. . .Wi, valiz sa pou rad mouye yo. En-en. Dakò. E non w se? Sumner. Gade nan direksyon sa.)

142 Frè Sumner. Ki kote w soti, Frè Sumner? Li soti laba a nan Georgia, li vini maten an. Ou te janm batize anvan, Frè Sumner?

Li te batize anvan, “Papa, Pitit, ak Sentespri.” Gen konviksyon ke sa a se Laverite, li vini maten an soti jouk nan Georgia, pou l batize ankò nan Non Jezikri, nan maten Pak sa, nan konfese lafwa li nan Pitit Bondye a. Avanse dwat nan direksyon sa, Frè Sumner, epi mete bra w antoure pa m. Annou priye.

143 Seyè Bondye, pandan m ap batize l ak dlo, mwen priye ke Ou va ranpli l ak Sentespri a ak Difé. Jèn gason sa, yon vi konsakre, Seyè, voye l nan chan misyon yo yon kote, pou fè zèv Ou.

144 E sou konfesyon lafwa li nan Pitit Bondye a, mwen batize w, frè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn. Bondye beni w, frè vanyan m lan.

(Ou se Sè. . . [Sè a di: “Sumner.”—Editè a.] Èske se mari w? [“Wi.”] Ebyen, ala bèl! Mwen gen konfyans ke Bondye va—va beni.)

145 Sa se Sè Sumner, nou konprann. Se te mari l ki te fèk batize jis kèk moman de sa. N ap kite moun yo kanpe kèk minit, pou yo ka abitye ak dlo a. Dakò, Sè Sumner, si w vle jis mete bra yo toutotou pa m. Mwen kwè si w ta jis chanje sa *konsa*, Sè Sumner, li t ap miyò. Annou priye.

146 Seyè Bondye, antan Sè Sumner vini kounye a pou—pou swiv Seyè ak Sovè nou an, nan batèm. Li vini jis apre mari li, ala apwopriye! Mwen pa t konnen sa. Men pou tann jouk tan sa, sa dwe te volonte òdone Ou, Seyè, ak fason Ou fè bagay yo, pou l te ka swiv mari l, tou, paske li se egzanp pou li. E mwen priye ke Ou va beni l epi konsakre lavi li. E ke yo viv lontan, gen yon vi kè kontan ansanm, pou yo elve pitit yo epi sèvi Ou. Antan li vini kounye a pou l batize, mwen priye ke W va ba li dezi kè l.

147 Sou konfesyon lafwa w nan Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri nou an. Amèn.

(Premye fwa ou te janm batize, Sè Sothmann?)

148 Sa se madanm youn nan zanmi pwòch mwen ki trè chè, Frè Fred Sothmann ki soti Hughton, Saskatchewan, Canada. Sè Sothmann, li se yon moun ki trè chè, yon fanm konsakre, yon vrè manman, yon vrè madanm e yon cheri pou zanmi m, Fred. Mwen priye ke Bondye beni Sè Sothmann, epi ba li tout don Wayòm lan ke li dezire.

149 Ou ka mete bra w drèt isi a. Mwen kwè sa t ap pi bon, Sè Sothmann, pran l dwat *konsa*. Epi sa a pa anba, *konsa*. Annou priye.

150 O Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, mwen jis sèten ke Ou kanpe yon kote nan plas sa isi a maten an, ap gade sa, paske okenn moun pa ka fè anyen nan Non Ou san Ou pa konnen. Nou wè lafwa fanm sa ak konsekrasyon li. Mwen priye ke Ou va beni limenm ak Frè Fred, ansanm, ke yo viv lontan, viv ak kè kontan, ap sèvi W. Akòde l, Seyè. E kòm li vini kounye a ak yon kè ki

soumèt an antye, ak konsekrasyon, pou yo batize l selon fason apot yo te batize, nan fason yo te batize a.

151 Se poutèt sa, sou baz konfesyon fwa li nan Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

(Ou on jan gen frison? Kijan w rele? Hudgins.)

152 Sè Doris Hudgins. Ki kote w soti, Sè Hudgins? New Albany. Li vini maten an pou l batize nan Non Sovè li. Ke Seyè Bondye nan Syèl la beni l epi fè l yon benediksyon nan New Albany, kote li va retounen.

153 Mete—mete bra sa anba *konsa*, sou dèyè a. Dakò. Kenbe ti piti a drèt la jis yon moman, jouk mwen batize l. Sa frèt anpil pou yon ti fi. Èske se ti sè w? O, se trè byen. Jis yon moman, nou pral okipe de li. Annou priye, èske w vle?

154 Bondye Toupwisan, Kreyatè Syèl la ak tè a, ak Otè Lavi ki p ap janm fini an, e Sila ki bay tout bon don espirityèl ak fizik, bay madanm sa bon sante, fòs, kè kontan, ak tout benediksyon espirityèl ke Ou rezève pou li. Ou pa vle ke li ta manke anyen. E mwen priye ke Ou va akòde l sa, Seyè, antan l ap konsakre tèt li, nan swiv Ou nan tonm glase sa a maten an. Bondye, akòde l.

155 E sou konfesyon lafwa w, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn. Lwanj pou Bondye! . . . ?. . .

(E ou menm, èske w abitye on ti kal avè l? Li ka yon tikras pè sa. Kijan ou rele, cheri? Blade? Èske se ou ki . . . èske moun ou yo te fèk batize?)

156 Ti Mary Alice Blade. Ki laj ou genyen, cheri? Onzan. Ke Seyè a beni timoun sa, ba li senserite ak dezi, dezi sensè kè l, se priyè m. Èske w ta vle avanse isit la. Mary Ellen? Mary Alice. En-en. Dakò, mesye. Annou priye.

157 Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, epi Otè Lavi ki p ap janm fini an, e Sila ki bay tout bon don, voye benediksyon Ou yo sou timoun sa isi a, ki nan yon moman enpòtan nan lavi li. Ke nou, li kontinye sou wout sa a ki mennen nan Lavi. Akòde l. Kòm li vini maten an, ap konfese peche l yo, epi l ap konfese ke li gen lafwa nan Jezikri Ki te mouri pou sove l anba peche sa yo, li ale nan basen glase sa a, pou l batize nan Non Sovè li. Akòde, Seyè, ke Sentespri a va aji sou dlo a lè l va sot isi a, epi aji nan kè l, epi pa janm kite l, depi kounye a pou tout Letènite. Akòde l, Seyè.

158 Sou konfesyon peche w yo, ak lafwa ou nan Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

(Dakò, mesye. Poukisa ou pa kanpe yon tikras pi lontan epi kite m pran yon lòt isi a.)

Èske sa se . . . ? Èske genyen ankò k ap vin pou batize? Èske w gen pou w batize, sè? Dakò. Ou ap vini, cheri, pou w batize? Lòt ti fi a ap vini tou? Dakò. Kite yo vin on ti kal abitye avè l, kite yo ale jis yon tikras trankil, sa pral kòrèk, jis rete vrèman trankil.

Epi kite ti fi a jis kontinye mache avanse, mache yon pa alafwa, lè li antre. Jis kanpe drèt la, kounye a, yon ti kras. Epi kite lòt la fè l.

(Kijan w rele, sè? Dorothy kimoun? Darlene. Ebyen, kote w soti, Darlene? Laba a nan Kentucky.)

159 Sa se ti Darlene Wilcoxson, ki soti Kentucky. Li vini maten an, nan konfesyon lafwa li nan Pitit Bondye a, pou yo batize l nan Non Seyè ak Sovè nou an, Jezikri. Ke Bondye beni sa. Mwen renmen wè timoun adolesan sa yo vini, paske, si gen yon demen, se va ouvriye demen yo. E, se vre, yon ti dam debyen, drèt nan laj kote Satan te ka gaspiye ti lavi li epi fè li yon—yon wont. Li pran bon wout la. Rete sou li, Darlene, jouk Jezi libere w. Jis mete yon men *konsa*. Epi, mwen kwè, Darlene, *konsa*, cheri, epi youn drèt la a *konsa*. Se byen sa. Annou priye.

160 Bondye ki gen mizerikòd, Ki te kreye Syèl la ak tè a, epi te bay tout bagay gratis atravè Jezikri, nou remèsye W maten an pou privilèj ke nou genyen pou kondwi timoun sa yo ba Ou. O Bondye ki fè Gras, ranpli ti lavi sa. E ke dyab la pa touche l! Ke li se sèvant Ou tout jou nan vi l. Akòde l, Seyè. Kòm li kòmanse maten an, nan kanpe nan tonm glase sa a, ap desann isi a, kwè ke Jezikri te mouri pou peche l yo, e l ap fè yon konfesyon piblik sou sa kounye a. Ekri non li non sèlman sou fèy batèm sa, men ke li nan Liv Lavi a. Ke li parèt nan jou sa, ap briye tankou lò. Akòde l.

161 Sou konfesyon peche w yo, epi lafwa w nan Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Jezikri. Amèn.

162 (Dakò. Kijan w rele? Emily . . . ? Plade.) Ala yon ti fi dous sa ye, ti Emily Plade. Ala yon . . . Lafwa? [Yon frè di: "Blade."—Editè a.] Blade. O, ou se . . . youn nan . . . Se te sè w ki te fèk batize a, li se yon ti cheri.

Ebyen, yon moun te di m yon fwa, li te di: "Frè Branham, poukisa ou batize timoun?"

Jezi di: "Kite timoun yo vin jwenn Mwen." Sa se, *pèmèt*, "kite" yo vini.

Ou di: "Ebyen, li pa konn sa l ap fè."

163 Li t ap konnen si l te fè sa ki mal, pa vre? Ou panse timoun sa pa t ap konnen lè l te fè sa ki mal? Si l gen laj ase pou l konnen kilè l te fè sa ki mal, li gen laj ase pou l konnen kilè l fè sa ki byen. E si yon bagay ta rive l, e m te entèdi l? Alò, san sa t ap sou men m nan Jou Jijman an. Wi, mesye. Kèlkeswa ki laj yo genyen lè ou . . . lè yo vle vini, kite yo vini.

164 Ou renmen Jezi? Ou pral sèvi L? Ou konn kisa basen sa ye maten an? Se la Li te mouri, te antere, anba nan tonm vrèman frèt sa a; men Li te resisite, Bondye te resisite L. Yon jou, cheri, w ap parèt, tou. Ou renmen Jezi, epi sèvi L tout jou nan vi w. Kounye a annou priye.

165 Seyè, sa ekri: "Kite timoun yo vin jwenn Mwen, e pa entèdi yo, paske Wayòm Syèl la se pou moun tankou yo." Mwen priye ke W va beni timoun piti sa. Kòm mwen batize l nan dlo, e Ou batize l nan Lespri, Seyè, li vini, li kwè, li vini sou pwòp volonte l, e m ap batize l dapre Pawòl Ou.

166 Sou konfesyon peche li yo, ak lafwa li nan Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

(Kijan w ye? Kijan w ye, cheri, trè byen? Kijan ou rele? Dakò. Dobson? Robison.)

167 Sa a, se ti Sè Robison ki vini pou yo plonje l nan Non Sovè l la, Seyè Jezi. An, nou koube tèt nou kounye a pandan n ap priye. Mete bra w *isi a* menm, cheri.

168 O Seyè Bondye, Kreyatè Syèl la ak tè a, epi Otè Lavi ki p ap janm fini an, e Sila ki bay tout bon don, voye benediksyon Ou yo sou ti dam lan. Antan li vini maten an pou konfese peche l yo, epi li kwè nan Pitit Bondye a, akòde, Seyè, ke li pral ranpli ak Sentespri a. E ke li pran bon wout sa, epi kontinye sou li, jouktan li libere anba vi sa. Akòde l, Seyè. Ba l benediksyon lavi li.

169 Kounye a, sou konfesyon peche w yo, ak lafwa ou nan Pitit Bondye a, mwen batize w, sè byenneme mwen, nan Non Jezikri. Amèn. Amèn. Amèn. Lwanj pou Seyè a!

(Semèn pwochèn. Wi.)

(Ou on tikras pè vini isi a, cheri? En? Ki kote manman an ye? En-en. Kisa w panse, ou vle eseye li? [Manman an di: "Ebyen, sa jis depann de li. Li t ap sipliye m, e m te eseye dekouraje l sou sa."—Editè a.] Ou vle batize, cheri? En? Ou vle, cheri? Ou vle vini ak Frè Branham nan dlo a? Ou pè vini? Hen? Ou vle vini, cheri? Ou vle—ou vle, vin isi a? Dakò, sè, li ka yon—yon ti kras fè l pè. Ba li sa.)

(Kounye a, èske—èske gen yon lòt moun anndan la? Sa . . . Èske gen yon lòt moun sou bò sa a? Dakò, rale rido a la. En-en. Dakò.)

170 Ti fi ki te kanpe la jis kounye a pou l batize a, li te vle batize, men li te pè dlo a te twò frèt pou li. E alò manman l te di . . . Ebyen, li te mande m kisa m te panse. Mwen di: "Petèt si l ta pè, m pa ta vle fè l pè." Ou wè? E li te piti anpil, kanmenm. Men li di ke li vle batize, kifè li te panse li t ap tann jouk pwochen batèm lan, petèt dlo a ta yon ti kras pi cho. Kidonk sa trè touchan, e manman an. E nou priye Bondye ke . . .

Ann ofri lapriyè pou ti fi a.

171 Seyè Jezi, nou di W mèsi pou ti bagay sa. E se yon . . . Li ta dwe yon reprimann pou moun ki pi gran yo, pou wè ke, lè ti kè sa a se tandrès epi jèn, li vle vini. Si tèlman piti, Seyè, montre ke Ou ka trete ak yon kè lè li vin enb epi senp. Ke se yon egzanp, Seyè, ke Ou ka trete ak moun. E mwen priye ke W va avèk ti fi

a, epi ede l. Ke li vin pi gran, epi pi fò epi pi gran, jouk kote li ka batize nan Non Pitit Ou a. Akòde l, Papa.

172 E kounye a pou sa yo, Papa Bondye, ki te batize, kòm mwen toujou rete isi a nan dlo a. E Lespri Ou—Ou te isi a; nou te wè ti tifi sa yo leve, ak ti gason sa yo, ak men yo anlè, ap glorifye Ou. Nou tèlman gen rekonesans pou sa, pou konnen ke Sentespri a toupre, beni, Seyè. Beni sila yo ki t ap tann, papa yo ak manman yo, byenneme yo, mari yo, pitit fi yo, manman yo—yo, ak kisa ankò. Mwen priye ke Ou va beni yo tout.

173 E kounye a, Papa, mwen priye ke Ou va ban nou repo apremidi a. Epi ede m pandan mwen pral fè liy disèneman sa apremidi a ak aswè a, pou Sentespri a va . . . Apre nou fin fè bagay sa yo, ke se pi gran triyonf nou te janm genyen nan tabènak la, aswè a. Ke gen yon pwisans ki pa ka eksprime, isi a nan tabènak la, pou geri tout malad ak aflije yo. Akòde l, Seyè.

174 Nou priye epi konsakre tèt nou. E mwen kanpe isi a nan tonm dlo sa—sa a maten an, mwen konsakre tèt mwen ankò ba Ou, Seyè. O Bondye, si gen yon bagay nan mwen Ou ka itilize, pran l. Frè Neville, ak nou tout ansanm, kòm minis, oswa dyak, kòm konpayon zèv nan Levanjil la, nou konsakre tèt nou ba Ou, O Bondye. Itilize nou, Seyè. Ban nou yon nouvo rezirèksyon nan kè nou, pa eksperyans. Voye nou ale, wen ak Sentespri a, pou nou ka fè zèv Bondye vivan an. Nou mande sa nan Non Jezi. Amèn.

Mwen remèt ou sèvis la, Frè Neville.

59-0329M Batèm Dlo
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org